

## Avi sou Pratik Konfidansyalite pou TidalHealth, Inc.

**Avi sa a dekri kijan yo ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo epi kijan w ka jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo. Tanpri revize li ak anpil atansyon.**

TidalHealth, Inc. ak antite afilye li yo se antite legal separe. Sepandan, yo anba pwopriyete ak kontwòl komen epi yo òganize tèt yo kòm yon sèl Antite Afilye Kouvri (Affiliated Covered Entity, ACE) poutèt Règ sou Konfidansyalite a, sa ki pèmèt TidalHealth, antite afilye li yo ak filiyal li yo kenbe yon sèl Avi sou Pratik Konfidansyalite (Avi). Ou ka jwenn yon lis antite ki nan TidalHealth ACE la nan fen Avi sa a. Avi sa a dekri pratik enfòmasyon sou sante TidalHealth yo.

### Itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal ou yo

Lalwa egzije TidalHealth pou l kenbe konfidansyalite enfòmasyon sante pèsone l pasyan li yo. Avi sa a eksplike kijan yo ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo. Avi sa a eksplike obligasyon legal nou yo, pratik konfidansyalite ak dwa nou yo nan sa ki konsène enfòmasyon sou sante pèsone l ou. TidalHealth ka pataje enfòmasyon sante pèsone l pasyan yo, san otorizasyon alekri, lè sa nesesè pou fè tretman, peman, ak operasyon swen sante, jan lalwa pèmèt.

### Ki moun ki pral swiv avi sa a

Tout antite, sit, ak lokal TidalHealth yo ap swiv pratik konfidansyalite ki dekri nan Avi sa a. Anplis de sa, tout pwofesyonèl swen sante, anplwaye, kontraktè endepandan, pèsone l medikal, estajyè, asosye biznis, elèv ak volontè TidalHealth, oswa moun ki bay sèvis nan yon lokal TidalHealth, pral swiv pratik konfidansyalite ki dekri nan Avi sa a, menm kòm yon pati nan yon aranjman swen sante òganize. Tout antite, sit ak lokal, ansanm ak tout moun ki dekri pi wo yo, ka pataje enfòmasyon youn ak lòt jan lalwa pèmèt.

**Itilizasyon ak divilgasyon pou tretman.** Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sante pèsone l ou pou ba w tretman oswa sèvis, oswa pou kowòdone ak jere swen sante w nan etablisman TidalHealth yo oswa avèk moun ki andeyò etablisman nou yo. Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou ou pou nou ka kowòdone diferan sèvis oswa bagay ou bezwen, tankou preskripsyon, travay laboratwa, tès dyagnostik oswa radyografi. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay moun ki ka enplike nan swen medikal ou, tankou manm fanmi, klèje, sant reyabilitasyon, kowòdonatè oswa ajans swen sante lakay, oswa mezon retrèt. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay plan sante w la oswa bay lòt pratisyen pou nou ka fè aranjman pou yon rekòmandasyon oswa yon konsiltasyon. Pa egzanp, nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal ou yo pou rezon tretman si nou bezwen mande yon lòt pratisyen, tankou pratisyen swen prensipal ou a, sou kondisyon sante jeneral ou anvan nou trete w pou yon aksidan.

**Itilizasyon ak divilgasyon pou peman:** Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sante w pou rezon peman anrapò ak sèvis ou resevwa nan men TidalHealth oswa nan men lòt moun, tankou yon konpayi anbilans. Pa egzanp, nou ka bezwen kontakte konpayi asirans ou an pou verifye benefis yo oswa pou resevwa otorizasyon davans pou pwosedi medikal oswa tretman. Nou ka kontakte konpayi asirans ou tou pou nou fè aranjman pou peman pou sèvis nou ba w yo, oubyen nou ka itilize enfòmasyon w yo pou prepare yon bòdwo pou voye ba ou oswa bay moun ki responsab peman an.

**Itilizasyon ak divilgasyon pou operasyon swen sante:** Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sante w pou operasyon TidalHealth. Pa egzanp, nou ka itilize enfòmasyon sou sante pou amelyore kalite swen an ak pou aktivite pèsone l medikal yo, tankou privilèj ak revizyon kolèg. Nou ka divilge enfòmasyon tou bay doktè, enfimyè, teknisyen, etidyan enfimyè ak medikal, ak lòt pèsone l pou revizyon amelyorasyon pèfòmans ak pou rezon edikasyon. Nou ka konbine enfòmasyon sou sante ke nou genyen yo ak enfòmasyon sou sante ki sot nan lòt òganizasyon menm jan an pou nou konpare kijan n ap fè epi wè ki kote nou ka amelyore swen ak sèvis nou ofri yo.

**Asosye biznis.** Asosye biznis yo gen kontra avèk TidalHealth pou bay sèten sèvis. Egzanp konpayi ak moun endepandan sa yo gen ladan yo avoka, kontab, konsiltan ak lòt konpayi faktirasyon. Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay youn oubyen plizyè nan asosye biznis sa yo ki ede nou nan operasyon swen sante nou yo. Nou egzije pou asosye biznis sa yo pwoteje enfòmasyon w yo yon fason ki apwopriye.

**Echanj enfòmasyon sou sante.** Nou ka pataje enfòmasyon nou jwenn oswa kreye sou ou ak lòt pwofesyonèl swen sante oswa lòt antite swen sante, tankou plan sante w oswa konpayi asirans sante w, jan lalwa pèmèt, atravè Echanj Enfòmasyon Sante (Health Information Exchanges, HIEs) kote nou patisipe. Pa egzanp, enfòmasyon sou swen medikal ou te resevwa nan tan lontan ak kondisyon medikal ou ak medikaman ou genyen kounye a ka disponib pou nou oswa pou pratikan oswa lopital ki pa nan TidalHealth ou a, si yo patisipe nan HIE a tou. Echanj enfòmasyon sou sante ka bay yon aksè pi rapid, pi bon kowòdinasyon swen epi ede pratisyen yo ak ofisyèl sante piblik yo pran desizyon ki pi enfòme.

TidalHealth patisipe nan Chesapeake Regional Information System for our Patients, Inc. (CRISP), yon HIE rejyonal Maryland ki baze sou Entènèt, ak nan Delaware Health Information Network (DHIN), yon HIE rejyonal Delaware ki baze sou Entènèt. Antanke patisipan CRISP ak DHIN, nou pataje enfòmasyon nou jwenn oswa kreye sou ou ak pwofesyonèl swen sante pou tretman, peman, operasyon swen sante, oswa rezon sante piblik, jan lalwa pèmèt. HIEs yo respekte tout lwa eta ak federal sou vi prive ak sekirite pou pwoteje enfòmasyon sante pasyan yo. Ou ka chwazi pou pa patisipe nan CRISP ak/oswa DHIN pou anpeche pratisyen yo chèche enfòmasyon w yo atravè echanj nan tout eta a lè w ranpli epi soumèt yon Fòm Refi pa lapòs, faks oswa sou entènèt lè w vizite sit entènèt yo nan [www.crisphealth.org](http://www.crisphealth.org) ak [www.DHIN.org/consumer](http://www.DHIN.org/consumer). Si w refize CRISP, pratisyen w lan ka toujou gen aksè nan sèten

enfòmasyon jan lalwa pèmèt. Pa egzanp, pratisyen w lan ka toujou chwazi HIE a kòm yon fason pou resevwa enfòmasyon konsènan medikaman sou preskripsyon, rezilta pwosedi dyagnostik ak lòt done yo voye dirèkteman ba li. Anplis de sa, dapre lalwa, rapò pou sante piblik, tankou rapò maladi enfektive bay ofisyèl sante piblik yo, ap toujou fèt atravè HIE a apre ke w fin chwazi pou ou pa patisipe.

Lopital ou a oswa pwofesyonèl swen sante w la ka patisipe tou nan lòt HIE, tankou HIEs ki pèmèt pwofesyonèl swen sante w la pataje enfòmasyon w yo dirèkteman atravè sistèm medikal elektwonik nou an. Nou itilize MyChart, pòtal echanj ak pasyan ki patwone pa TidalHealth la. Pou plis enfòmasyon konsènan MyChart, vizite [www.mychart.tidalhealth.org](http://www.mychart.tidalhealth.org), oswa tanpri kontakte TidalHealth konsènan HIEs yo ak kijan pou chwazi pa patisipe.

**Ranmasaj lajan.** Nou ka kontakte w pou ba w enfòmasyon sou efò oswa aktivite pou ranmasaj lajan TidalHealth yo. Si nou kontakte w pou rezon ranmasaj lajan, n ap mete ladan l tou enstriksyon sou kijan pou ou "refize" nenpòt komunikasyon konsa nan lavni.

**Randevou ak sèvis, altènativ tretman, ak benefis epi sèvis ki gen rapò ak sante.** Nou ka kontakte w pou ba w rapèl pou randevou oswa enfòmasyon sou altènativ tretman oswa lòt benefis ak sèvis ki gen rapò ak sante ki ka enterese w, tankou enfòmasyon sou nouvo pwogram, pwodwi oswa sèvis.

**Rechèch.** TidalHealth òganize rechèch ki depann de yon pwosedi otorizasyon espesyal pou pwoteje sekirite, byennèt ak konfidansyalite pasyan an. Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante pasyan nou yo pou rechèch jan règleman espesifik ak lwa ki aplikab yo pèmèt. Komite revizyon rechèch ki apwopriye yo egzamine epi apwouve pwopozisyon rechèch yo. Yo itilize estanda etabli nan rechèch pou pwoteje enfòmasyon sou sante.

**Anyè lopital.** Si w entène lopital, n ap mete sèten enfòmasyon limite sou ou nan anyè lopital la. Enfòmasyon sa yo ka gen ladan yo non w, kote w ye nan lopital la, kondisyon jeneral ou (pa egzanp, bon, estab, elatriye), ak afilyasyon relijye w. Sa a se pou fanmi w, zanmi w yo, ak klèje a ka vizite w nan lopital la epi jeneralman konnen kijan w ye. Si w pa vle pèsounn konnen enfòmasyon sa yo sou ou, ou dwe avize lopital la lè w ap anrejistre.

**Moun ki enplike nan swen w oswa nan peman pou swen w.** Nou ka bay yon zanmi oswa yon manm fanmi ki enplike nan swen medikal ou oswa ki te ban nou yon manda oswa yon dokiman menm jan an enfòmasyon medikal sou ou. Nou ka bay yon moun ki ede peye pou swen w enfòmasyon tou. Anplis de sa, nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou bay yon antite ki ede nan yon efò sekou apre yon katastwòf pou fanmi w ka resevwa avètisman sou kondisyon w, estati w ak kote w ye.

**Lòt itilizasyon ak divilgasyon.** Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sante pèsoneèl ou san konsantman oswa otorizasyon w jan lalwa pèmèt oswa egzije, ak ladann:

#### Aktivite sante piblik yo

- Rapò maladi, blese, nesans ak lanmò, epi pou ankèt/dosye sante piblik.
- Rapòte bay Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration) pou evènman negatif, defo nan pwodwi, oswa pou patisipe nan rapèl pwodwi.
- Bay medsen legal ak/oswa direktè ponp finèb dapre lalwa.

#### Fonksyon gouvènman

- Jan sèvis lame a egzije pou militè yo.
- Jan sa nesese pou aktivite sekirite nasyonal oswa entèlijans.

#### Lalwa, lapolis, pwosedi legal, aktivite siveyans sante

- Rapòte abi oswa neglijan sou timoun ke yo sispèk oswa si nou kwè ke w se yon viktim abi, neglijan oswa vyolans domestik.
- Jan sa nesese pou yon ajans siveyans gouvènman an k ap fè odit, ankèt, oswa pwosè sivil oswa kriminel.
- Jan yon tribinal oswa yon administrasyon bay lòd pou yon konvokasyon oswa yon demann prèv.
- Jan lalwa egzije a, ajan fòs polis yo oblije rapòte blesi, domaj ak krim yo.

#### Divès

- Pou fè aranjman pou yon potansyèl don ògan oswa tisi oswa pou yon transplantasyon nan men w oswa pou ou.
- Pou ajans konpansasyon travayè yo pou detèmine benefis konpansasyon travayè w.
- Pou patwon w lè nou te ba ou swen sante sou demann patwon w.
- Pou yon enstitisyon koreksyonèl oswa yon ofisyèl lapolis si w se yon prizonye nan sèten sikonstans kote yo enfòme nou ke divilgasyon an nesese, tankou pou pwoteje sekirite w oswa pou pwoteje sekirite lòt prizonye oswa anplwaye nan yon enstitisyon koreksyonèl.
- Pou yon teknoloji pou koute, ki gen ladan teknoloji dikte IA ki konvèti mo ki pale an fòm tèks, pandan swen pou anrejistre, transkri oswa analize konvèsasyon an ak pratisyen an epi ede dokimante nòt la nan dosye medikal la. Pasyan yo ka chwazi refize si yo pa vle pratisyen an itilize teknoloji a lè yo avètè pratisyen an nan moman vizit la.

**Itilizasyon ak divilgasyon ak otorizasyon alekri.** Lòt itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou sante w ki pa kouvri nan Avi sa a mande otorizasyon w alekri. Pa egzanp, nou dwe jwenn otorizasyon w pou pifò itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi, pou sèten itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante w pou rezon maketing, oswa pou nenpòt vant enfòmasyon sante pwoteje w. Si w dakò pou bay yon otorizasyon alekri pou itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon medikal ou yo, ou ka pita revoke otorizasyon sa a nenpòt ki lè, eksepte nan mezi ke yo te deja itilize li oswa li te yon kondisyon pou jwenn kouvèti asirans.

## **Dwa w konsènan enfòmasyon sou sante ou**

Dosye enfòmasyon medikal ou yo se pwopriyete TidalHealth. Sepandan, ou gen dwa sa yo konsènan enfòmasyon sou sante w:

**Dwa pou enspekte epi kopye.** Ou gen dwa pou revize ak/oswa pou kopye dosye medikal ak faktirasyon ou yo. Si nou konsève enfòmasyon dosye medikal ou elektwonikman, ou ka jwenn yon kopi nan yon fòm elektwonik oswa sou papye. Ou gen dwa pou mande nou voye dosye medikal ou oswa dosye faktirasyon w bay yon lòt pati. Tout demann aksè dwe fèt alekri epi siyen pa ou menm oswa reprezantan legal ou. Yo ka fè w peye yon frè rezonab, jan lalwa pèmèt, pou ba w oswa yon lòt konpayi yon kopi dosye medikal ou. Ou ka jwenn yon otorizasyon aksè nan men Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante a. Nou ka refize demann ou an nan sèten sikonstans, epi n ap eksplike rezon refi a alekri. Ou ka mande ke refi a revize pa yon pratisyen swen sante ki gen lisans ke nou chwazi.

**Dwa pou mande yon amandman.** Ou gen dwa mande pou nou modifiye oswa korije enfòmasyon sante pèsonèl nou genyen sou ou si w kwè ke li pa kòrèk oswa li pa konplè. Tout demann pou modifikasyon dwe fèt alekri, siyen pa ou menm oswa reprezantan legal ou, endike rezon ki fè yo fè demann pou amandman/koreksyon an epi soumèt yo bay Biwo Konfidansyalite TidalHealth la, ke yo bay enfòmasyon kontak li nan fen Avi sa a. Ou ka jwenn yon fòm demann amandman nan men Jesyon Enfòmasyon Sante TidalHealth la. Si nou dakò ak demann ou an, n ap konfime avèk ou epi modifiye dosye w lè nou ajoute yon sipleman nan dosye aktyèl la. Nou pa ka chanje sa ki nan dosye a. Nou ka avèti lòt moun tou ki gen enfòmasyon medikal ki pa kòrèk oswa ki pa konplè.

Nou ka refize demann ou pou yon amandman si li pa alekri oswa si li pa gen yon rezon ki sipòte demann lan. Nou ka refize demann ou an tou si w mande nou pou nou modifiye enfòmasyon ki:

1. Pa t kreye pa nou menm, sof si moun oswa antite ki te kreye enfòmasyon an pa disponib ankò pou fè amandman an;
2. Pa fè pati enfòmasyon medikal nou kenbe oswa yo kenbe pou nou;
3. Pa fè pati enfòmasyon ou ta gen dwa enspekte epi kopye; oswa
4. li egzak epi konplè.

Si nou refize demann ou pou amandman an, n ap ba w yon eksplikasyon alekri sou poukisa nou pa t fè amandman an epi n ap eksplike dwa ou yo. Ou ka soumèt yon deklarasyon alekri pou montre ke w pa dakò si nou deside pou nou pa amande dosye w la. N ap kenbe deklarasyon w lan nan dosye epi n ap distribye l avèk tout divilgasyon enfòmasyon li gen rapò ak yo nan lavni.

**Dwa pou yon kontabilite sou divilgasyon yo.** Ou gen dwa pou resevwa yon rapò sou sèten divilgasyon nou te fè sou enfòmasyon sante pèsonèl ou pandan sis lane anvan dat ou mande a. Demann yo dwe fèt alekri epi ou menm oswa reprezantan w dwe siyen yo. Fòm demann kontabilite yo disponib nan Biwo Konfidansyalite TidalHealth la. Premye kontablite a nan nenpòt peryòd 12 mwa a gratis; nou ka fè w peye pou nenpòt lòt demann kontablite nan menm peryòd 12 mwa a.

**Dwa pou gen restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante pèsonèl ou.** Ou gen dwa pou mande restriksyon sou sèten itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante pèsonèl ou pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Nou pa oblije dakò ak demann restriksyon w lan, men n ap eseye akomode demann rezonab yo lè sa apwopriye, epi nou gen dwa mete fen nan yon restriksyon ou te dakò sou li si nou kwè ke revokasyon sa a apwopriye. Si nou ta revoke kontra a, n ap avèti w de revokasyon sa a. Ou gen dwa tou pou mete fen nan nenpòt restriksyon ou te dakò sou li lè w kontakte Biwo Konfidansyalite TidalHealth la.

Nou oblije dakò ak demann ou an pou limite divilgasyon enfòmasyon pou peman oswa operasyon swen sante bay yon plan sante konsènan atik oswa sèvis swen sante ke ou menm oswa yon lòt moun apa de plan sante a te peye an antye oswa sou yon baz ke w peye ou menm.

**Dwa pou yo avèti w nan ka ta gen yon vyolasyon.** N ap avèti w nan dènye adrès nou te konnen pou ou a si enfòmasyon medikal ou yo te "vyole," sa vle di ke yo te itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou yo nan yon jan ki pa konfòm ak lalwa epi ki lakòz li konpwomèt.

**Dwa pou chwazi yon reprezantan.** Ou gen dwa chwazi yon moun ki ka aji nan non w. Si w te bay yon moun otorite legal pou egzèse dwa ak chwa w yo konsènan enfòmasyon sou sante w, n ap onore demann sa a yon fwa nou fin verifye otorizasyon li. Avi sa a aplike tou pou minè ak kèk granmoun andikape. Gen kèk sityasyon kote minè yo ka pran desizyon sou swen sante poukont yo san paran yo oswa gadyen yo pa konnen oswa pa bay pèmision. Nan sikonstans sa yo, minè a ka sèl moun ki gen otorizasyon pou itilize epi divilge enfòmasyon medikal.

**Dwa pou resevwa kominikasyon konfidansyèl.** Ou gen dwa mande epi n ap akomode demann rezonab ou fè pou resevwa kominikasyon konsènan enfòmasyon sante pèsonèl ou nan men nou pa lòt mwayen oswa nan lòt kote. Pa egzanp, si w vle nou pa kite rapèl randevou sou mesaj vokal oswa si w ta renmen nou voye rapèl randevou nan yon

adrès patikilye, n ap pran an konsiderasyon demann rezonab yo. Ou ka mande kominikasyon konfidansyèl sa yo alekri lè w soumèt yon demann alekri bay Responsab Konfidansyalite nou an. Nou p ap mande w rezon pou demann ou an. Nou pral reponn tout demann rezonab. Demann ou an dwe di nou kijan oswa ki kote w vle nou kontakte w. Si w pa di nou kijan oswa ki kote w vle nou kontakte w, oswa si nou pa kapab kontakte w, nou pa oblije swiv demann ou an.

**Dwa pou jwenn yon kopi Avi sa a sou papye:** Ou gen dwa jwenn yon kopi Avi sa a sou papye epi w ka mande nou pou nou ba w yon kopi nenpòt ki lè. Kopi Avi sa a ap disponib nan tout lokal TidalHealth yo, oubyen ou ka kontakte Ofisye Konfidansyalite TidalHealth la jan yo eksplike sa nan fen Avi sa a, oubyen ou ka jwenn yon kopi elektwonik sou sit entènèt TidalHealth la, <https://www.tidalhealth.org>.

### **Pwoteksyon Espesyal sou Konfidansyalite pou Dosye Twoub Itilizasyon Sibstans**

Sèten dosye ki gen rapò ak dyagnostik, tretman, oswa referans pou twoub itilizasyon sibstans pwoteje pa 42 CFR Pati 2, yon lwa federal ki bay plis pwoteksyon vi prive pase HIPAA. Lalwa federal entèdi divilgasyon san otorizasyon dosye pwoblèm abi sibstans. Divilgasyon dosye sa yo otorize sèlman avèk konsantman alekri w oswa jan 42 CFR Pati 2 pèmèt sa. Moun ki resevwa enfòmasyon sa a pa gen dwa divilge l ankò sof si lalwa federal pèmèt sa. Dosye sou pwoblèm abi sibstans ki pwoteje pa 42 CFR Pati 2 p ap divilge pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante san konsantman alekri w, sof si lalwa federal pèmèt sa. Divilgasyon dosye twoub itilizasyon sibstans jeneralman mande konsantman w alekri espesifikman. Ou ka revoke konsantman w nenpòt ki lè, sof si yo te deja pran aksyon sou baz li. Ou gen dwa pou dosye pwoblèm itilizasyon sibstans ou yo rete konfidansyèl dapre lalwa federal la. Ou ka depoze yon plent si w kwè ke yo vyole dwa w anba Pati 2 a, epi p ap gen okenn revanj kont ou pou sa. Lalwa federal pèmèt divilgasyon limite dosye pwoblèm itilizasyon sibstans san konsantman w nan sikonstans espesifik, tankou ijans medikal, rechèch, odit oswa evalyasyon, ak lòd tribinal ki satisfè egzijans federal yo. Ou ka depoze yon plent nan òganizasyon sa a oswa nan Depatman Sèvis Sante ak Imen Etazini (U.S. Department of Health and Human Services) si w kwè dwa w anba HIPAA oswa 42 CFR Pati 2 yo te vyole. Lè gen dosye pwoblèm itilizasyon sibstans, 42 CFR Pati 2 kontwole sa menm si HIPAA ta pèmèt divilgasyon.

Lalwa federal egzije pou nou kenbe konfidansyalite enfòmasyon sante pèsònèl pasyan nou yo epi pou nou avèti pasyan yo sou obligasyon legal nou yo ak pratik konfidansyalite nou yo anrapò ak enfòmasyon sante pèsònèl ou. Nou oblije respekte kondisyon Avi sa a toutotan li rete an vigè. Nou rezève dwa pou chanje kondisyon Avi sa a jan sa nesèsè epi pou fè nouvo Avi a antre an vigè pou tout enfòmasyon sante pèsònèl nou konsève.

**Plent.** Si w kwè ke dwa w genyen pou pwoteje enfòmasyon prive yo te vyole, ou ka depoze yon plent bay Ofisye Konfidansyalite a, alekri nan TidalHealth, 100 East Carroll Street, Salisbury, MD 21801, pa telefòn nan 410-543-7490 oubyen pa imèl nan [healthinformation@tidalhealth.org](mailto:healthinformation@tidalhealth.org). Ou kapab tou depoze yon plent bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini a lè w voye yon lèt nan: 200 Independence Ave., SW, Washington DC, 20201. **Nou p ap pran okenn revanj kont ou paske ou depoze yon plent.**

**Kesyon.** Si w gen kesyon oswa ou bezwen plis asistans konsènan Avi sa a, oswa ou ta renmen egzèse dwa w genyen sou vi prive, ou ka kontakte Ofisye Konfidansyalite a alekri nan TidalHealth, 100 East Carroll Street, Salisbury, MD 21801, pa telefòn nan 410-543-7490, oswa pa imèl nan [healthinformation@tidalhealth.org](mailto:healthinformation@tidalhealth.org).

**Dat antre an vigè:** Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a an vigè. 16 fevriye 2026.

### **Lis Antite Kouvri yo nan Antite Afilye Kouvri TidalHealth la**

Antite yo ki pral swiv Avi sa a gen ladan yo tout pratisyen swen sante TidalHealth k ap bay piblik la swen sante nan tout sit livrezon yo, ak ladan yo, men pa limite a:

- TidalHealth Peninsula Regional, Inc
- TidalHealth Nanticoke, Inc.
- TidalHealth Atlantic, Inc.
- TidalHealth Medical Partners, LLC
- TidalHealth Specialty Care, LLC
- TidalHealth Primary Care, LLC
- TidalHealth Physician Network, Inc.
- TidalHealth Surgery Center, LLC
- TidalHealth Pediatric Development & Therapy
- Delmarva Endoscopy Center, LLC
- TidalHealth Peninsula Orthopaedic Institute
- McCready Health Pavilion
- Alice B. Tawes Nursing & Rehabilitation Center
- Chesapeake Cove Assisted Living on the Bay
- TidalHealth Community Pharmacy